



1000546

**Konsantman Pou Pwosedi/Operasyon
Atant pou Akouchman Vajinal apre Sezaryèn
(Trial of Labor after Cesarean Section (TOLAC))**

METE ETIKÈT PASYAN

oswa

Non Pasyan an _____

Non Chirijyen an _____

MRN/Dat Nesans _____

Mwen, _____, atravè dokiman sa a, otorize
(Non pasyan/Responsab legal)

doktè _____ ansanm avèk
(Non doktè, dantis oswa chirijyen responsab)

avèk asistan sa li ka deziyen yo, menm jan ak lòt endividyièl ki oblige patisipe nan pwosedi/operasyon an yo ka pa ko konnen nan moman sa a, men ki enkli moun yo ki nan paj 2 pou pèfòme pwosedi/operasyon ki swiv la.

Atant pou Akouchman apre Sezaryèn, epizyotomi, akouchman ak fòsèp oswa ak vantouz, sezaryèn annijans avèk swen annijans pou tibebe a apre akouchman tankou: reyanimasyon, entibasyon, transfizyon san: Jesyon akouchman, akouchman vajinal, koupe vajen pou fè pasaj avèk enstriman, swen tibebe, tankou tib pou respirasyon nan trache a, plasman katetè nan kòd lonbrik la epi bay tibebe a san.

(Non Pwosedi/Operasyon ak Deskripsiyon Anbrèf)

Non avèk pozisyon moun sa yo kap patisipe nan pwosedi/operasyon an pral anrejistre nan dosye medikal la. Mwen konnen mwen kapab mande yon kopi dosye medikal mwen.

Mwen otorize tou nenpòt operasyon oswa pwosedi anplis ke yo konsidere nesesè sou baz de sa yo jwenn pandan pwosedi/operasyon ke yo di a. Nenpòt tisi oswa pati yo retire pandan operasyon an, Sant Medikal nan Boston(Boston Medical Center) gen dwa jete yo selon pratik abityèl yo.

Yo te byen eksplike m nati, dire, ak objektif operasyon an, metòd altènativ posib oswa tretman ki posib yo (ki gen ladan I tou pa chwazi okenn tretman), risk ki enplike yo, ak posiblite pou konplikasyon. Mwen konprann gen yon chans pou ta genyen gwo risk oswa konplikasyon ka rive pandan pwosedi a tankou, san sa pa limite ak sa:

enfeksyon, senyman, domaj nan vajen, nan irèt, nan blad pipi, nan matris, transfizyon san, posiblite pou blese tibebe a, posiblite pou fè isterektoni (anlèvman matris). Espesyalman, ogmante risk pou koupe matris, ak risk pou manman senyen epi ki oblige yon transfizyon san oswa isterektoni (anlèvman matris la) plis risk pou frakti nan sèvo oswa lanmò. Riks pou tibebe a gen ladan I domaj nangòj oswa trache, kayo san bò katetè a, , senyman avèk enfeksyon nan san.

Mwen konprann yo pa bay okenn garanti kanta rezulta pwosedi/operasyon sa a.

Mwen konprann doktè mwen an kapab bezwen kite sal operasyon an pandan pwosedi/operasyon m nan. Doktè/chirijyen mwen an te eksplike epi te reponn a tout kesyon mwen yo konsènan si li ta gen pou li absan.

Mwen konprann pwosedi/operasyon sa a kapab genyen valè edikasyonèl oswa syantifik. Si sa ta rive pou ta gen tounaj klinik(anrejistreman pa foto, vidéyo, medya elektwonik oswa odyo) klinisyen mwen dwe enfòme mwen davans sou izaj avèk objektif tounaj klinik la anvan tounaj nenpòt lè li posib. Mwen konprann ke mwen genyen dwa refize nenpòt tounaj klinik la.

Mwen bay konsantman mwen pou administre(transfizyon) san oswa pwodui sangen yo pandan pwosedi/operasyon oswa nan peryòd touswit apre operasyon an, si sa ta merite. Mwen okouran sa enplike risk anplis, ki gen ladan li men ki pa limite a: lafyèv ak reyakson alèjik, transmisyon maladi tankou epatit, VIH/SIDA avèk sitomegalovirus, ak sichaj likid.

Si w refize itilize san oswa pwodui sangen yo: Doktè/chirijyen mwen te eksplike m risk ki genyen yo pou refi transfizyon san oswa pwodwi sangen yo si li jije nesesè pandan pwosedi/operasyon ki planifie a. Mwen konprann si mwen refize pou aksepte yon transfizyon san, si sa ta rive nesesè pandan oswa touswit apre pwosedi/operasyon sa a, sa kapab ekspoze m a yon pi gwo risk pou konplikasyon oswa konsekans katastwofik ki gen ladan I men ki pa limite a: konjesyon serebral, kriz kadyak, ensifizans ren(dyaliz), entibasyon pwolonje, andikap pèmanan, avèk lanmò. Malgre sa, mwen refize transfizyon san oswa pwodui sangen yo.

Inisyal Pasyan: _____

Mwen konprann li posib pou genyen youn oswa plis pwofesyonèl ki nan endistri swen sante(reprezantan teknik yo pou ekipman medikal avèk aparèy konpayi yo) kapab prezan pandan pwosedi/operasyon pou rezon konsènre konsène sèlman yon pwodui.

Konsantman Pou Pwosedi/Operasyon

Atant pou Akouchman Vajinal apre Sezaryèn (Trial of Labor after Cesarean Section (TOLAC))

Si yo pral sèvi avèk kalman pandan pwosedi/operasyon sa a pou kontwole doulè mwen, mwen konprann metòd sa pou kontwole doulè sa genyen risk ladan I. Risk sa yo gen ladan yo men ki pa limite a: diminisyon tansyon ateryèl ki ka mande pou bay sewòm ak/oswa medikaman yo nan venn epi difikilte pou respire ki mande pou mete sipò pou respirasyon. Efè segondè kalman ki pi kouran yo se kèplen ak vomisman. Nan kèk ka ra, gendwa genyen reyakson alèjik oswa kriz kadyak(kè a sispann bat). Mwen konnen mwen kapab genyen doulè apre m fini pran kalman.

Mwen sètifye mwen te li epi te konprann konsantman ki anlè a annantye, yo te ban m eksplikasyon yo, epi doktè/chirijyen an te reponn tout kesyon mwen yo. Mwen konsanti pou pwosedi/operasyon sa a.

OU DWE ANREJISTRE DAT/LÈ

Siyen Non:	Pasyan	Ekri an lèt detache Non:	Dat:	Lè:
Siyen Non:	Paran/Gadyen Legal/Reprezantan(si sa kapab aplike)	Ekri an lèt detache Non:	Dat:	Lè:
Siyen Non:	Founisè/Doktè/Chirijyen	Ekri an lèt detache Non:	Dat:	Lè:

Mwen te analize eksplikasyon founisè a. (Entèprèt la dwe siyen anba la, si sa aplikab)

Siyen Non:	Ekri an lèt detache Non:	Dat:	Lè:
---------------	-----------------------------	------	-----

				MIZAJOU DAT PWOSEDI/OPERASYON, SI APLIKAB		
	Patisipan	Non	Ane	Pasyan Inisyal yo	Dat	Hora
<input type="checkbox"/>	Asosye					
<input type="checkbox"/>	Doktè Rezidan					
<input type="checkbox"/>	Asistan Doktè Enfimyè Lisansye					
<input type="checkbox"/>	Enfimye(è) Fanmsaj					
<input type="checkbox"/>	Lisansye Praktisyen					
<input type="checkbox"/>	Lòt					

				MIZAJOU DAT PWOSEDI/OPERASYON, SI APLIKAB		
	Patisipan	Non	Ane	Pasyan Inisyal yo	Dat	Hora
<input type="checkbox"/>	Asosye					
<input type="checkbox"/>	Doktè Rezidan					
<input type="checkbox"/>	Asistan Doktè Enfimyè Lisansye					
<input type="checkbox"/>	Enfimye(è) Fanmsaj					
<input type="checkbox"/>	Lisansye Praktisyen					
<input type="checkbox"/>	Lòt					